

Ede konsomatè yo idantifye diskriminasyon sou kredi

Ou ka te tande pale de diskriminasyon kredi, men li ka difisil pou idantifye'l lè li rive. Ou ka ede moun pwoteje dwa yo lè yo pataje enfòmasyon sou kisa kreditè yo ka fèe pi yo pa ka fè anba Lwa sou Opòtinite Egal Kredi a.

Lwa sou Opòtinite Kredi Egal (ECOA) a

Depi lè yon moun aplike pou kredi oswa yon prè pou lè kont lan fèmen, moun lan pwoteje kont diskriminasyon. ECOA entèdi kretdiè fè diskriminasyon kont moun baze sou karakteristik ki nan lis anba a, ki konsidere kòm "pwoteje":

- Ras
- Koulè
- Relijyon
- Orijin nasyonal
- Sèks (ki gen ladan oryantasyon seksyèl ak idantite seksyèl)
- Estati eta sivil
- Laj
- Resevwa lajan nan asistans piblik

Kreditè yo gen dwa mande konsomatè yo pou tip enfòmasyon sa a nan kèk sitiyasyon, men kreditè pa ka anèche moun aplike pou kredi baze sou yon karakteristik pwoteje (pou egzanp, baze sou sèks oswa relijyon). Yo pa ka refize kredi ki baze sou karakteristik sa yo. Apre sa, yo pa gen dwa fè w peye yon depans ki pi wo, tankou yon to enterè ki pi wo oswa pi gwo frè, ki baze sou yon karakteristik pwoteje non plis.

Menm si kreditè yo pa fè diskriminasyon ki baze sou karakteristik ki pwoteje moun ki aplike pou kredi yo, yo menm tou yo pa ka fè diskriminasyon kont moun ki baze sou karakteristik pwoteje lòt moun yo ki konekte. Pa egzanp, si yon moun aplike pou yon prè nan yon bank epi mennen ansanm li yon zanmi, kreditè a entèdi pou'l fè diskriminasyon kont pretè lajan an baze sou karakteristik zanmi an.

Nan lespas limit yo, kreditè yo gen dwa konsidere faktè tankou revni, dèt, ak istwa kredi lè yo deside pou yo ofri kredi a yon konsomatè ak kondisyon espesifik kredi a,

ECOA aplike a prè ak kredi ki gen ladan:

- | | |
|--|--|
|  Prè machin |  Kat kredi |
|  Prè kay |  Prè pou elèv |
|  Prè pou bisnis |  Prè pèsònèl |

Lwa a pwoteje konsomatè yo tou kont diskriminasyon ak vanjans kont moun ki te kanpe pou dwa yo anba sèten lwa pwoteksyon konsomatè yo. Pa egzanp, kreditè yo pa ka refize ofri kredi oswa chaje pi wo enterè paske yon konsomatè depoze yon plent konsènan yon erè sou yon bòdwo kat kredi.

Lwa pwoteksyon konsomatè yo gen ladan yo lwa ECOA a, osi byen ke:

- Verite nan Lwa sou Prè (TILA) a, ki egzije kreditè yo itilize divilgasyon inifòm ak pwoteje kont bòdwo kredi enjis oswa ki pa kòrèk ak pratik kat kredi
- Lwa san Patipri sou Rapò Kredi (FCRA) a, ki pwoteje entegrite, presizyon, ak enfòmasyon vi prive sou kredi yo
- Lwa san Patipri sou Pratik Koleksyon Dèt (FDCPA) yo, ki entèdi pèseptè dèt yo itilize pratik abizif, enjis, oswa mansonjè pou kolekte lajan
- Lwa sou Transfè Fon Elektwonik (EFTA) yo, ki pwoteje konsomatè yo lè y'ap jere lajan yo elektwonikman

Sa kreditè yo pa ka fè anba lalwa a

Rejte yon aplikasyon kredi ki baze sou karakteristik pwoteje yon konsomatè

Pa egzanp, yon kreditè pa ka rejte yon aplikasyon kredi paske yon konsomatè soti nan yon peyi patikilye. Yon kreditè pafwa gen pèmisyon pou'l konsidere estati imigrasyon, sepandan, si kreditè a kwè ke li ta kapab afekte nan ranbousman prè.

Chanje tèm kredi yo oswa kondisyon yo ki baze sou karakteristik yon konsomatè pwoteje

Sa a gen ladan ofri yon to enterè ki pi wo oswa frè ki depase akòz ras yon konsomatè oswa orijin nasyonal li.

Mande si konsomatè a resevwa pansyon alimantè, sipò pou timoun, oswa pèman antretyen separe

Si kreditè a mande sa a, dabò kreditè a dwe di konsomatè a ke yo mande yon repons sèlman si konsomatè a ap konte sou pèman yo pou kalifye pou kredi a. Yon kreditè gen pèmisyon pou'l mande, sepandan, si yon konsomatè oblige peye pansyon alimantè, sipò pou timoun, oswa revni antretyen separe kòm yon pati nan pwosesis kalifikasyon an.

Mande si konsomatè a vèv oswa divòse

Pafwa se yon kreditè gen pèmisyon pou'l mande si konsomatè a marye, pa marye, oswa separe. "Moun ki pa marye" gen ladan selibatè, divòse, ak vèv.

Mande enfòmasyon sou mari oswa madanm yon konsomatè, tankou revni mari a oswa madanm lan

Poze kesyon sou yon mari oswa madanm kapab fèt, sepandan, lè:

- Mari a oswa madanm lan ap aplike pou kredi ansanm
- Konjwen an gen dwa itilize kont lan oswa li legalman responsab kont lan
- Konsomatè a konte sou revni mari a oswa madanm lan, oswa sou pansyon alimantè, sipò pou timoun, oswa lòt pèman nan men yon ansyen oswa aktyèl mari oswa madanm pou jwenn apwobasyon pou kredi a

- Konsomatè a ap viv nan yon eta ki gen lwa sou pwopriyete kominotè oswa li ap itilize pwopriyete nan yon eta ki gen lwa sa yo pou jwenn apwobasyon pou kredi sa a

Trete yon konsomatè yon fason diferan ki baze sou laj

Sa pèmèt, sepandan, lè:

- Konsomatè a twò piti pou antre nan yon kontra
- Konsomatè a gen omwen 62 zan, epi kreditè a ofri pi bon tèm oswa otreman favè pi gran konsomatè yo

kreditè a sèvi ak laj pou detèmine si konsomatè a kalifye pou kredi - pa egzanp, nan konsidere si revni konsomatè a pral diminye akòz lè retrèt li pral rive

Refize konsidere revni asistans piblik menm jan ak lòt revni

Pa egzanp, yon kreditè pa ka refize konsidere Bon ki soti nan Pwogram Seksyon 8 Lojman Chwa Pwopriyetè Kay la kòm yon sous revni, oswa aksepte yo pou sèlman sèten prè ipotèk.

Trete konsomatè yo mwen favorab akòz sèks, oryantasyon seksyèl, oswa idantite seksyèl

Yon kreditè pa ka fè diskriminasyon kont ou ki baze sou sèks ou. Sa a gen ladan oryantasyon seksyèl, idantite seksyèl, ak konfòmite avèk sèks ki baze sou oswa sèks Estereyotip. Pa egzanp, kreditè yo pa ka egzije koup menm sèks ki marye bay diferan dokiman maryaj yo ke you koup opoze sèks opoze genyen, oswa fè diskriminasyon kont konsomatè transjande ki eksprime idantite seksyèl yo nan pwosesis aplikasyon an.

Siy avètisman sou diskriminasyon

Moun yo ka fasil idantfyé diskriminasyon sou kredi si w prepare epi w okouran de siy avètisman yo. Kredi diskriminasyon an pa rive sèlman nan yon sitiyasyon fas-a-fas, sa vle di li ka difisil pou idantifye. Fè atansyon si:

- Yo trete w yon fason diferan an pèsòn ke lè w nan telefòn oswa sou entènèt
- Ou dekoraje pou aplike pou kredi
- Yo ankouraje w oswa di w pou aplike pou yon kalite prè ki gen kondisyon ki mwen favorab (pou egzanp, yon to enterè ki pi wo)
- Ou tandé kreditè a fè kòmantè negatif sou ras, orijin nasyonal, laj, sèks (ki gen ladan oryantasyon seksyèl oswa idantite seksyèl), oswa lòt estati pwoteje
- Refize kredi menm si ou kalifye pou li baze sou kondisyon ki pibliye yo
- Ofri w kredi ki gen yon to enterè ki pi wo pase sa ou aplike pou li a, menm si ou kalifye pou yon pousantaj pi ba ki baze sou kondisyon ki pibliye yo

Fason pou prepare anvan ou fè yon prè

Nan sitiyasyon kote moun ap lite finansyèman, sekou pou katastwòf ak lòt pwogram gouvènman ka ede moun evite pran prè ki koute chè oswa tonbe victim de yon fwod.

Fè pwòp rechèch ou

Ou ka ede moun tcheke acha yo, aprann sou benefis ak risk pwodwi finansye vle yo, fè rechèch to enterè aktyèl yo, epi konpare pwodwi ak òf plizyè kreditè.



Consumer Financial
Protection Bureau

Jwenn plis enfòmasyon nan consumerfinance.gov

3 / 5

Konnen istwa kredi w

Asire w ke pa gen okenn erè oswa atik ki manke nan rapò sou kredi w yo. Ou gen dwa pou mande yon kopi gratis sou rapò kredi w yo chak ane, nan chak twa pi gwo konpayi ki fè rapò kredi konsomatè yo, lè ou vizite [AnnualCreditReport.com](#). Lè ou vizite sit la, ou ka swiv etap sa yo pou wè rapò ke yo mete ajou pi souvan sou entènèt la. Sa a ba w yon pi gwo kapasite pou kontwole chanjman nan kredi w.

Si sa nesesè, ou ka mande si wi ou non rapò sou kredi w yo disponib nan lang ou pi pito a.

Poze kesyon sou depans total yo

Gade pi lwen pase pèman chak mwa a. Asire w ke w konprann to enterè yo ak kantite lajan total enterè a ak frè ke w peye sou peryòd long sa a. Poze kesyon sou ki frè ak chaj ki ka negosyab.

Rete an kontwòl

Kreditè pa ta dwe fè w santi w prese oswa san nesesite reta aksyon sou aplikasyon w lan. Konsomatèyo gen dwa pou resevwa enfòmasyon alekri- ak nan pifò ka yo, sa vle di ou jwenn enfòmasyon alè sou desizyon yon kreditè te pran sou aplikasyon w lan pou kredi.

Etap pou rezoud yon dispit

Pwoblèm avèk pwodwi ak sèvis finansye yo rive pafwa, epi souvan yo ka fikse yo si konsomatè a travay dirèkteman avèk konpayi. Menm si yo soumèt yon plent pita bay CFPB a oswa anboche yon avoka, sa ka ede konsomatè a pran premye etap yo.

Pifò konpayi yo ka jwenn yo pa telefòn, imèl, chat sou entènèt, lapòs, oswa nan medya sosyal pa.

Konsèy ki ka ede:

- Pa janm afiche done pèsònèl sou medya sosyal oswa sit revizyon
- Evite langaj iritan, iwonik, oswa menasan
- Kenbe nòt sou ki moun ki reponn konsomatè a, ki lè, ak sa yo te di

Anvan konsomatè a kontakte konpayi an, yo ta dwe prepare epi gen enfòmasyon sou men yo:

- Non, adrès, nimewo telefòn, ak nimewo kont oswa nimewo tranzaksyon
- Sa ki te pase-osi klè ak-o-pwen ke posib
- Ki jan konsomatè a vle fikse pwoblèm lan
- Dokiman yo oswa mesaj ki sou ekran yo ki montre sa ki te pase

Asire w anvan w siyen

Konsomatè yo pa ta dwe janm santi presyon pou siyen. Yo ta dwe pran tan w pou asire w ke kredi pwodwi a ak kondisyon yo bon pou ou. Si sa nesesè, mande kreditè yo si wi ou non gen èd ki disponib nan lang yo pi pito a.



Consumer Financial
Protection Bureau

Jwenn plis enfòmasyon nan [consumerfinance.gov](#)

4 / 5

Chache èd legal si ou kwè ke yo te fè diskriminasyon kont ou

Konsomatè yo ta dwe chèche èd jiridik si yo panse yo te sibi diskriminasyon.

- Pou resous legal ki nan lis eta pa eta a, visite: lawhelp.org
- Pou jwenn enfòmasyon sou kalifikasyon pou asistans nan yon pwogram Sèvis Legal ki finanse pa Legal Services Corporation, visite: lsc.gov/what-legal-aid/find-legal-aid
- Lokalize biwo pwokirè jeneral eta w la: naag.org/find-my-ag

Soumèt yon plent

Ou gen yon pwoblèm avèk yon pwodwi oswa yon sèvis finansye? Nou pral voye plent ou bay konpayi an epi travay pou fè w jwenn yon repons - jeneralman nan lespas 15 jou.

Aprann plis nan: consumerfinance.gov

Konekte nou

 Sou entènèt
consumerfinance.gov

 Pa telefòn
(855) 411-CFPB (2372)
(855) 729-CFPB (2372) TTY/TDD

 Pa lapòs
Consumer Financial Protection Bureau
P.O. Box 27170
Washington, DC 20038

 Soumèt yon plent
consumerfinance.gov/complaint



Consumer Financial
Protection Bureau

Jwenn plis enfòmasyon nan consumerfinance.gov

5 / 5

12/2021